



Biwo Asistans pou Katastwòf Prezantasyon Avans EIDL Sible

Avans EIDL Sible pou KOVID-19 lan te siyen jou ki 27 desanm 2020 nan kad Lwa sou Èd Ekonomik pou Ti biznis ki pran Gwo Frap, ki pap fè pwofit, epi òganizatè Evènman. Avans EIDL Sible a founi biznis ki twouve yo nan kominote ki pa gen anpil revni, lajan anplis pou asire ti biznis kontinye ap fonksyon, yo adapte yo epi yo rete djanm.

Fon Avans ki rive **jiska \$10,000** ap disponib pou demandè ki nan kominote ki pa gen anpil revni ki te deja resevwa yon Avans EIDL pou mwens pase \$10,000, oswa moun ki te aplike men ki pa te resevwa okenn lajan akòz pa gen ase pwogram finansman ki disponib.

Aplikan yo pa bezwen pran okenn aksyon nan moman sa a.

SBA ap kontakte ou si ou kalifye!

SBA tout dabò pote asistans pou aplikasyon EIDL ki deja resevwa yon pati nan Avans EIDL (sètadi ant \$1,000 - \$9,000). SBA ap kontakte aplikan yo limenm via imèl nan semèn kap vini yo pou yo detèmine kalifikasyon epi soumèt papye.

Tout komunikasyon ki soti nan SBA ap vini apati yon imèl gouvènman ofisyèl ki fini ak yon @ sba.gov. Tanpri, pa voye enfòmasyon sansib via imèl nan okenn adrès ki pa fini ak @ sba.gov.

Aplikan ka kalifye si yo:

- **Twouve yo nan yon kominote ki pa gen anpil revni.** Wap jwenn definisyon yon "kominote ki pa gen anpil revni" nan seksyon 45D(e) nan Kòd Revni Entèn lan. Remake byen, aplikan an dwe **twouve I** nan yon kominote ki pa gen anpil revni pou li kalifye. Nan yon tan ki pa twò kout, w ap jwenn lòt detay sou fason SBA ap idantifye kominote ki pa gen anpil revni yo sou www.sba.gov/coronavirusrelief; EPI
- **Kapab demonstre yon bès revni ki plis pase 30%** pandan yon peryòd 8 semèn apati 2 mas 2020, oswa pita. Si yon aplikan satisfè kritè kominote revni ki ba yo, yap mande yo bay revni chak mwa yo anvan taks (tout fòm revni konbine chak mwa yo resevwa, tankou pwofi oswa salè) pou yo konfime bès 30%.

Apre sa, SBA pral pote asistans pou moun ki te aplike pou asistans EIDL nan dat 27 desanm 2020 oswa anvan, men ki pa te resevwa yon Avans EIDL akòz pat gen ase pwogram finansman ki disponib. Aplikan yo ap resevwa yon imèl SBA kap mande pou yo detèmine elijibilitè epi soumèt dokiman yo. Aplikan ka kalifye pou yon Avans EIDL Sible si yo satisfè kritè ki anwo yo (Nan kominote revni fèb ak bès revni) EPI:

- **Gen 300 anplwaye oswa mwens.** Antite komèsyal ki nòmalman kalifye pou pwogram EIDL la kalifye, tankou biznis yon sèl pwopriyetè, antreprenè endepandan, ak òganizasyon prive, ki pap fè lajan. Antrepriz agrikòl pa kalifye.



Yo mande tout aplikan pou yo bay yon [**Fòm IRS 4506-T**](#) pou pèmèt SBA mande enfòmasyon sou deklarasyon taks sou non aplikan an.

Tanpri pa soumèt aplikasyon COVID-19 EIDL de fwa. Se sèlman aplikan anvan yo yap konsidere pou Avans EIDL Sible a.

SBA ap kontakte ou si ou kalifye!